Накъыгъэм и 1-р Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэщ

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№50 (24.488) ● 2023 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 29, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ●
adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

# Дрогушхуэ ди республикэр ипэкІэ зыгъэкІуатэхэм

## КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэм и щІыхькІэ цІыхухэм зэрехъуэхъур

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэу пщІэ зыхуэсщІхэ!

Сигуми си псэми къабгъэдэкІыу сынывохъуэхъу Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэмкІэ! Нэхугъэрэ хуабагъэрэ къызыпих а махуэщІым зэкъуегъэувэ зи лэжьыгъэр фІыуэ зылъагъухэр икІи зи гуащІэдэкІымкІэ къэралым и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфІ хуэзыщІхэр. Дэ дрогушхуэ ди лэжьакІуэфІхэу зи зэфІэкІхэмкІэ республикэр ипэкІэ зыгъэкІуатэхэм. Ди щІыналъэм лэжьыгъэ ІэнатІэщІэхэр къыщызэІуах, щаухуэ щэнхабзэ, спорт ІуэхущІапІэхэр, абыхэм хуэкІуэу зеужь гъащІэми. Нэхъ дахэ, екІу мэхъу ди къалэхэмрэ къуажэхэмрэ я теплъэр, цІыхухэм я псэукІэр йофІакІуэ. Псом хуэмыдэжу сыхуейщ хъуэхъу псалъэ гуапэхэмкІэ лэжьыгъэм и ветеранхэм захуэзгъэзэну. Абыхэм я фІыщІэщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр нобэ зэрыгушхуэ Іуэхугъуэхэм ящыщ куэд.

Мы зэманым дэ къытпэщылъщ мыхьэнэшхуэ зиІэ, жэуаплыныгъэ лъагэ зыпылъ къалэнхэр. Промышленностым, мэкъумэш хозяйствэм, псэупІэ ухуэныгъэм, турист, социальнэ ІэнатІэхэм хуэгъэпса проект зэмылІэужьыгъуэхэр дгъэзэщІэн хуейщ. Дэ дыхущІокъу илъэс бжыгъэкІэ ди псэукІэр зытещІыхьауэ щытыну а унэтІыныгъэхэмкІэ ехъулІэныгъэфІхэр зэрызыІэрыдгъэхьэным. Си фэщ мэхъу дызэкъуэту, дызэрыІыгъыу ди мурадыфІхэм далъэІэсыным дыхущІэкъумэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым, ди Хэкум я ехъулІэныгъэ къызэрыкІ Іуэхугъуэфхэр зэрытхулъэкІынур.

Си псэм къыбгъэдэкІыу сынывохъуэхъу узыншагъэ быдэ, мамырыгъэ, насыпрэ зэпэщыгъэрэ фиІэну.



*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

### Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр етыным и ІуэхукІэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къахьа ехъулІэныгъэхэмрэ илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэмрэ папщІэ

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етын***

**Гончарук Вячеслав Николай и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хыхьэ Прохладнэ къалэ округым, Прохладнэ, Май щІыналъэхэм я дзэ комиссарым

**Залиханов Эльдар Михаил и къуэм** - «Мобильные ТелеСистемы» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІым

**Къардэн Мурадин СэфрэІил и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и «Наркологие диспансер» узыншагъэр хъумэнымкІэ къэрал бюджет ІуэхущІапІэм хабзэр къызэгъэпэщынымкІэ и къудамэм и юрисконсульт пажэм,

***«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщын***

**Хьэх Марие Билал и пхъум** - Бахъсэн муниципальнэ щІыналъэм хыхьэ Ислъэмей къуажэм дэт «Курыт еджапІэ №4» курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ ІуэхущІапІэм и къудамэм и унафэщІым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2023 гъэм мэлыжьыхьым и 28-м*
*№43-УГ*

● Футбол

## «Мэшыкъуэ-КМВ» - «Спартак-Налшык» - 1:2



Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и Япэ гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ дыгъуасэ Псыхуабэ щызэхэта зэІущІэм апхуэдэ бжыгъэ кърикІуащ. Ди щІалэхэм ящыщу топхэр дагъэкІащ Топурие Тэмазрэ Хьэшыр Аланрэ.

Джэгур зэрекІуэкІамрэ абы иужькІэ турнир таблицэм игъуэта теплъэмрэ ятеухуа тхыгъэ ди газетым тетынущ.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**



# Муниципальнэ сыхьэт

**Ди республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек «муниципальнэ сыхьэт» зэлущIэ иригъэкIуэкIащ. Абы хэтащ Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, щIыпIэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр.**

ГУЛЪЫТЭ нэхъыбэ зыхуащIар лъэпкъ проектхэмрэ федеральнэ программэхэмрэ хиубыдэу мы илъэсым ирагъэкIуэкI ухуэныгъэхэмрэ зэрагъэпэщых унэхэмрэщ. КъаIэта лэжьыгъэ псоми яужь ихьакIэщ. Абыхэм хеубыдэ, псалъэм папщIэ, фэтэр куэду зэхэт унэхэм къедза пщIантIэхэр зэлъыIухыныр, цIыху зэхэзэекIуапIэхэр зыхуей хуэгъэзэныр, псы бжьамийхэм якIэлъыплъыныр, ущыпсэуж мыхъуну унэхэм цIыхухэр къыщIэгъэIэпхъукIыныр, къуажэхэм щэнхабзэм и унэхэр дэщIыхьыныр, гъуазджэхэмкIэ сабий школыр зехьэныр, школ спортзалхэм, щIалэгъуалэ центрхэм, гъуэгущIэхэм елэжьыныр.

Махуэ къэмынэу, проектхэр гъэзэщIа зэрыхъу щIыкIэм унафэщIхэр кIэлъоплъ. Республикэм и Iэтащхьэм унафэ ищIащ къалэн зыщащIыжа лэжьыгъэхэр и пIалъэм фIамыгъэкIыу яухыну, и фIагъми темыплъэкъукIыну.

Къищынэмыщlауэ, къызэхуэсахэр тепсэлъыхьащ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм ехьэлIа Iуэхухэм, къалэхэмрэ къуажэхэмрэ къабзагъэ и лъэныкъуэкIэ щызэфIэхыпхъэхэм, губгъуэ лэжьыгъэхэм. Дээм къулыкъу щызыщIэнухэм я Iуэху зезыхуэ комиссэхэми я гугъу ящIащ. УФ-м и Президентым и унафэкIэ а щIалэщIэхэр армэм дашыныр бадзэуэгъуэм и 15 пщIондэ екIуэкIынущ.

КIуэкIуэ Казбек къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ дзэ Iуэху щхьэхуэм хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ я нэIэ трагъэтыным нэхърэ нэхъапэ зэрыщымыIэр.

> ✦ ✦

## ● КъБР-м и Оперативнэ штабым къет

# Набдзэгубдзаплъэу фыщыт

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Оперативнэ штабыр республикэм щыпсэухэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ йохъуэхъу дгъэлъапIэну махуэшхуэхэмкIэ - Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэщ, Хэку зауэшхуэр ТекIуэныгъэкIэ зэриухрэ илъэс 78-рэ ирокъу - икIи къыхуреджэ набдзэгубдзаплъэу щытыну, терроризмэм зыщыхъумэнымкIэ хабзэхэр ягъэзэщIэну:

- щытыкIэ къызэрымыкIуэхэр, дыкъэзыухъуреихьхэм я дежкIэ шынагъуэ къэзышэнкIэ хъунухэр къэвмыгъэхъу;
- автотранспортыр абы хухэха щIыпIэхэм деж щывгъэув;
- хьэпшыпхэм, автомашинэхэм шэч яхуэфщIамэ, апхуэдэуи теракт ирагъэкIуэкIыну мурад зэраIэм, къагъауэ Iэмэпсымэхэр, пкъыгъуэхэр цIыхухэм зэраIыгъым фыщыгъуазэмэ, щIэпхъаджагъэ лэжьыным пыщIахэм ятеухуа хъыбар гуэр къыфIэрыхьэмэ, хабзэхъумэ IэнатIэхэм икIэщIыпIэкIэ хъыбар евгъащIэ;
- хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэмрэ цIыху куэд щызэхуэс Iуэхухэр щекIуэкIкIэ хабзэр къызэгъэпэщыныммкIэ жэуап зыхьэхэмрэ къагъэувхэр вгъэзащIэ.

Дэтхэнэ зы хъыбарри нэсу къапщытэнущ, къаIэрыхьа псоми ятеухуа Iуэхухэр зэфIагъэкIынущ, цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэща хъун папщIэ.

Шэч зыхуащIхэм ятеухуа хъыбарыр КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабым къезыгъэщIахэм я цIэ къраIуэнукъым, апхуэдэуи республикэм щыпсэухэм фыщIэ хуащI зэрызэхащIыкIым папщIэ.

**«Линэ пщтыр» телефонхэр:**

- КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабым: **48-15-48**;
- Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм: **48-15-81** (дзыхь зрагъэз телефон);
- КъБР-м щыIэ МВД-м: **40-49-10** (плъыр часть), **49-50-62** (дзыхь зрагъэз телефон);
- Урысейм и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыIэм: **77-64-22** (дзыхь зрагъэз телефон);
- Урысей МЧС-м и управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм: **39-99-99** (плъыр часть).

# Iэтащхьэм зыхуагъазэ

**КъБР-м и Iэтащхьэр УФ-м и Президентым и егъэблэгъапIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм я щхьэ Iуэхук Iэ зыкъыхуэзыгъэзахэм яIущIащ.**

БЫН куэд зиIэ унагъуэхэм ящыщу щытыкIэ гугъум ихуахэмрэ узыфэ хьэлъэ зэфыкI сабийхэм я адэ-анэхэмрэт нэхъыбэу Унафэщым зыхуэзыгъэзахэр. Дэтхэнэ зы Iуэхугъуэм теухуауи КIуэкIуэ Казбек унафэ пыухыкIа ищIащ, цIыхухэм къыщIэкIуар зэфIагъэкIын хуэдэу.

# ЦIэ лъапIэхэр фIащ, щытхъу тхылъхэр ират

**КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий иригъэкIуэкIащ гулъытэ зыхуэщIыпхъэ Iуэхугъуэхэм щытепсэлъыхьа зэлущIэ.**

РЕСПУБЛИКЭМ и зыгъэпсэхупIэхэр егъэфIэкIуэным тещIыхьа проектым тепсэлъыхьащ КъБР-м курортхэмрэ туризмымкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Шаваев Ислъам**. Ар тещIыхьащ зэпкърылъхьэн фIэкIа хуэмейуэ хьэзыр ухуэныгъэхэр (модульные) щIыным. КIэ КъБР-р 2023 - 2024 гъэхэм субсидие щат зэпеуэ хэгъэтыным. Абы къриkIуэнум теухуауэ УФ-м и щIыналъэхэм федеральнэ мылъкум щыщ ахъшэ иратынущ модуль ухуэныгъэхэр щIыным е къэщэхуным теухуа хьэрычэт Iуэху зезыхуэхэм. КъБР-м и Правительствэмрэ «Урысейм и Сбербанк» акционер зэгухьэныгъэмрэ иджырей технологиехэм тещIыхьауэ зэдэлэжьэну зэраухылIа зэгурыIуэныгъэр игъэбелджылащ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Рахаев Борис**.

КъБР-м мэкъумэш IэнатIэмкIэ и министр **Сыжажэ Хьэсэн** къытеувыIащ Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэм, 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщытхъэрэ илъэс 78-рэ зэрырикъум я щIыхькIэ шыгъажэхэр зэрекIуэкIынум, Къэралыгъуэм и махуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэлъапIэу «Кубок Эльбруса-2023» XVIII дунейпсо шыгъажэ Iуэхушхуэр къызэрызэрагъэпэщынум.

КъБР-м щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министр **Лу Азэмэт** тепсэлъыхьащ Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэу ЩIалэгъуалэ центру ягъэпсыжыр зыхуей хуэгъэзэным республикэм и мылъку зэрытекIуэдэнум. Абы папщIэ зэхъуэкIыныгъэ халъхьэнущ «КъБР-м и щIалэгъуалэм зегъэужьын» программэм.

ЗэIущIэм щыхэплъащ республикэм и цIыху дэхуэхахэм зэрадэIэпыкъуну теухуауэ ягъэбелджыла проект зыбжанэм. Ахэр зыхуэдэм тепсэлъыхьащ КъБР-м лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэу къащхьэщыжынымкIэ и министр **Асанов Алим**.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къызэрыунэхурэ илъэси 100 зэрырикъуам и щIыхькIэ республикэм и щIыналъэхэм я лIыкIуэхэр КъБР-м и Правительствэм и зэIущIэм щагъэлъэпIащ. КъБР-м и муниципалитетхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI **Пэнагуэ Максим** жиIащ ЩIыпIэ самоуправленэмкIэ зэгухьэныгъэхэм я урысейпсо ассоциацэ нэхъыщхьэм КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек**, муниципалитетхэм я унафэщI нэхъ жыджэрхэм фIыщIэрэ гулъытэрэ къазэрыхуищIар.

- ЩIыпIэ самоуправленэм зегъэужьынымкIэ урысейпсо ассоциацэм и совет нэхъыщхьэм и унафэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр илъэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек медаль къыхуагъэфэщащ щIыналъэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм, щIыналъэхэм ядэлэжьэным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищIам папщIэ, - жиIащ Пэнагуэм. Апхуэдэу ди Iэтащхьэр хагъэхьащ щIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ УФ-м и Президентым и деж щыIэ Советым.

Ассоциацэм и медаль иратащ Бахъсэн щIыналъэм и унафэщI **Балъкъыз Артуррэ** Аруан щIыналъэм и унафэщI **Ажий Валерэрэ**.

«ЩIыпIэ самоуправленэм и унафэщI нэхъыфI» цIэр къыфIащащ Дзэлыкъуэ щIыналъэм и унафэщI **Джатэ Руслан**, Налшык къалэ администрацэм и унафэщI **Ахъуэхъу Таймураз**, Май щIыналъэм и унафэщI **Саенкэ Татьянэ** сымэ. ЩIыпIэ самоуправленэм щыIэ псэукIэм, экономикэм, щэнхабзэм, егъэджэныгъэм, медицинэм хуищIа хэлъхьэныгъэхэм папщIэ Бахъсэн къалэмрэ Шэджэм щIыналъэмрэ я администрацэхэм щIыхь тхылъкIэ я цIэр кърaIуащ. ФIыщIэ тхылъ хуагъэфэщащ Прохладнэ къалэм, IуащхьэмахуэкIэ, Лэскэн щIыналъэхэм я администрацэхэм. Муниципалитетхэм я жылагъуэ конгрессым щIыхь тхылъ яхуигъэфэщащ Шэрэдж, Прохладнэ щIыналъэхэм.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

# Мы махуэхэм

### Мэлыжьыхьым и 29, щэбэт

♦**Къафэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Химие Iэщэ къызэрагъэсэбэпам и зэранкIэ дунейм ехыжахэм я фэеплъ махуэщ**

♦**Ветеринархэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм ягу къыщагъэкIыж МЧС-м и лэжьакIуэхэу зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэр**

♦**1942 гъэм** Къардэн Къубатий Ленин орденыр етIуанэу къратащ.

♦**1964 гъэм** ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щагъэуващ «Лалуцэ» япэ балетыр.

♦**1949 гъэм** къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Дзу Руслан**.

♦**1953 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щоджэнцlыкlу Нинэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфэрэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 18, жэщым градус 12 - 13 щыхъунущ.

### Мэлыжьыхьым и 30, тхьэмахуэ

♦**Джазым и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм и МафIэсгъэункIыфIхэм я махуэщ**

♦**1949 гъэм** къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Дзу Руслан**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 14, жэщым градус 12 щыхъунущ.

### Накъыгъэм и 1, блыщхьэ

♦**Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэщ**

♦**1929 гъэм** Джылахъстэнейм псыщIэгъэлъадэр щаутIыпщащ.

♦**1941 гъэм** Налшык сабий стадион къыщызэIуахащ.

♦**1923 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэу, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIу 1969 - 1984 гъэхэм щыта **Къущхьэ КIыщыкъуэ**.

♦**1935 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Урыс Мухьэзир**.

♦**1937 гъэм** къалъхуащ социологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, АР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **АфэщIыж Тыркубий**.

♦**1938 гъэм** къалъхуащ Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и сурэтыщI, АР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Гъуэгунокъуэ Мухьэрбий**.

♦**1939 гъэм** къалъхуащ хьэрычэтыщIэ, техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, Адыгэ Республикэм и Президенту щыта **Щэумэн Хьэзрэт**.

♦**1942 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къалэ Владимир**.

♦**1943 гъэм** къалъхуащ къэрал къулыкъущIэ, политик, жылагъуэ лэжьакIуэ **Нэхущ Заурбий**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 13, жэщым градус 11 щыхъунущ.

### Накъыгъэм и 2, гъубж

♦**1920 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым япэ щэбэт щIыхьэху щекIуэкIащ.

♦**1934 гъэм** Налшык Пионерхэм я унэ къыщызэIуахащ.

♦**1922 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Урыс Хьэталий**.

♦**1930 гъэм** къалъхуащ «Ленин гъуэгу» (иджы - «Адыгэ псалъэ») газетым и редактор нэхъыщхьэу щыта **ТIажь Пётр**.

♦**1931 гъэм** къалъхуащ профессор, УФ-мрэ АР-мрэ щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Мекъул Джэбрэил**.

♦**1941 гъэм** къалъхуащ къэрал къулыкъущIэ, экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, УФ-м и Къэзыбж палатэм и япэ унафэщIу щыта **Къэрмокъуэ Хьэчим**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфэрэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 14, жэщым градуси 10 - 11 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

**ЛъэпкЪ Iущыгъэ:**

**ХьэщIапIэр фIыми, уи унэжь нэхъыфIыжщ.**

## ЕГОРОВЭ Татьянэ:

# Къатщтэ хабзэхэм щынэхъыщхьэр я щхьэпагъращ

*КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ Урысей парламентаризмэм и махуэм ирихьэлIэу тепсэлъыхьащ республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэр мы гъэм илъэс 30 зэрырикъум, ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм я купщIэмрэ мыхьэнэмрэ, парламентархэм къапэщыт къалэнхэм.*

**- Урысей парламентымрэ хабзэубзыху органхэмрэ щылажьэхэм я IэщIагъэм епха махуэшхуэр къызэрызэрагъэпэщрэ куэд щIакъым, илъэс 11 хъууэ аращ. Уэ узэреплъымкIэ, сыт хуэдэ мыхьэнэ иIэ а махуэшхуэм?**

- Сыт хуэдэ IэнатIэ пэрыт цIыхум дежкIи и IэщIагъэм хухэха махуэшхуэм абы ищIэ лэжьыгъэм мыхьэнэ зэриIэр къигъэлъагъуэу аращ. Дэри дащыщщ апхуэдэ бгъэдыхьэкIэр къэзылъытэхэм. Абы къыдэкIуэуи Парламентаризмэм и махуэр IэщIагъэм хухэха къудейуэ къэплъытэныр къезэгъыркъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, парламентархэргъащIэмилъэныкъуэкуэдкъызэщIэзыубыдэщ. Абы къыхэкIкIэ, мы махуэшхуэр цIыхубэм властыр зыIэщIэлъым и нэщэнэу къызолъытэ сэ.

Урысейм и парламентаризмэм и махуэм тхыдэ мыхьэнэ иIэщ, 1906 гъэм мэлыжьыхьым и 27-м Урысей Пащтыхьыгъуэм и Къэрал Думэм лэжьэн щIидзащ. Къызэрыунэхурэ куэд мыщIами, мы махуэм езым и хабзэхэр иIэжщ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, а махуэм УФ-м и Хабзэубзыхухэм я Советыр йокIуэкI, абы хэтщ Федеральнэ Зэхуэсым и палатэхэм щыIэхэм нэмыщI, Урысей Федерацэм и хэгъэгухэм я хабзэубзыху орган нэхъыщхьэхэм я лIыкIуэхэр. Ар Санкт-Петербург и Таврическэ уардэунэм щIыщекIуэкIым и щхьэусыгъуэр Къэрал Думэм и япэ зэхыхьэр абы зэрыщызэхуэсарщ.

Хабзэубзыху советым хэтхэм илъэс къэс яхуозэ УФ-м и Президент Путин Владимир. Шэч хэмылъу, ар парламент лэжьыгъэм и мыхьэнэм щыхьэт техъуэ гулъытэщ.

А махуэм екIуэкI зэхыхьэ иныр махуэшхуэм епха гуфIэгъуэкъым, атIэ къэралым а пIалъэм къриубыдэу щыщыIэ щытыкIэ, Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм щытепсэлъыхьу аращ. Къапщтэмэ, блэкIа зэхуэсым зи гугъу щытщIар дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ къэралыр зэрыдэIэпыкъурщ, мылъкум ехьэлIа политикэмрэ бюджет зэхущытыкIэхэмрэщ.

**- Мы гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 30 зэрырикъур догъэлъапIэ. Уэ куэд щIауэ ущолажьэ хабзэубзыху органми, Парламентым къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэмрэ нобэ и Iуэху зыIутымрэ утепсэлъыхьыфынущ.**

- Властым и IэнатIэ нэхъыщхьэм ар щылажьэ лъэхъэнэм и ныбжь тридзэу къогъуэгурыкIуэ. Илъэс 30-м къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым зэхъуэкIыныгъэ куэд игъуэтащ, къэралым зыдихъуэжурэ къекIуэкIащ. Ауэ сыт щыгъуи хэгъэгу хабзэубзыху IэнатIэм и пащхьэ къиувэ къалэнхэмрэ мурадхэмрэ игъэзэщIащ.

Республикэм и Парламентым и зэфIэувэныгъэр ди къэралым дежкIэ гугъуу щыта лъэхъэнэм ирихьэлIащ жыпIэмэ, ущыуэнукъым. Апхуэдэ щытыкIэм укъизышын хабзэхэр бгъэхьэзырыным мыхьэнэшхуэ иIэт, гугъуехьышхуи пыщIат. Ауэ депутатхэм я пщэ къыдэхуа Iуэхум пэлъэщащ.

Япэ зэхуэсыгъуитIым Парламентыр палатитIу - Республикэм и Советрэ ЛIыкIуэхэм я Совету - зэхэтащ, ар хэгъэгум жылагъуэ-политикэ зэпIэзэрытыныгъэр зэтес щыщIыжыным епхат, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэ нэхъыбэ хэтын хуейт.

2003 гъэм палатитIу зэхэт къулыкъущIапIэм ипIэ къиуващ зы палатэ хъу Парламентыр. Абы щыгъуэм жылагъуэ-политикэ щытыкIэри нэхъ зэпIэзэрыт хъужат, федеральнэ хабзэхэми щIэ куэд халъхьат. Нэхъапэм щIыпIэ самоуправленэхэм, нэгъуэщI къулыкъущIапIэхэм, хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр депутат хъууэ щытамэ, иджы а къалэнитIыр зэдэпхьыныр Iэмал зимыIэт. Мис а лъэхъэнэми парламентаризмэр властым и зы къудамэ щхьэхуэу зэфIэувэнымкIэ мыхьэнэшхуэ иIауэ къызолъытэ. Къэралым и политикэ ухуэкIэм зэрызиужьам, политикэ партхэм хуитыныгъэ зэрагъуэтам илъэс къыкIэлъыкIуэхэм щIыналъэхэм я хэбзэубзыху IэнатIэхэм зэхъуэкIыныгъэ, щIэщыгъуэ куэд къахуихьащ.

Парламентхэм я III - V зэхуэсыгъуэхэм депутатхэм я бжыгъэхэмрэ ахэр зэрыхах щIыкIэмрэ щIэуэ щаубзыхужащ. Иджырейм, Парламентым и VI зэхуэсыгъуэм, депутат 70 хэтщ, урысейпсо политикэ парти 5-м я лIыкIуэу. IэIэтхэри парт списокымкIэщ зэрекIуэкIыр.

Парламентым и убзыхукIэми, депутатхэми, политикэ къарухэм я зэкIэлъыкIуэкIэми захъуэжу къекIуэкIащ. Ауэ и къалэн нэхъыщхьэхэр сыт щыгъуи игъэзащIэкIэрэ, Парламентыр властымрэ жылагъуэмрэ, къулыкъущIэхэмрэ оппозицэмрэ, политикэ парт зэмылIэужьыгъуэхэм я зэпсэлъапIэ утыку нэхъыщхьэу дапщэщи щытащ. А псоми я мурадыр зыт: Урысейм и щхьэр игъэпсэужыфу, лъэ быдэкIэ щыту ялъагъунырт, абы папщIэ я щIэныгъи къаруи щысхь яхэттэкъым.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентыр къызэрыунэхурэ куэд мыщIами, республикэм и къэралыгъуэр зэфIэувэным, зиужьыным хэлъхьэныгъэ ин хуищIащ.

**- Парламентым иригъэкIуэкI лэжьыгъэм къыпэкIуахэм ящыщу сыт хуэдэхэр къыхэбгъэщынт, сыт абы и щхьэпагъыр къызэрыфлъытэр?**

- Хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и щхьэпагъыр, купщIафIагъыр жыпхъэ, мардэ гуэркIэ къыпхуэлъытэну хъункъым. Къалэн нэхъыщхьэр къэрал къулыкъущIапIэхэмрэ цIыхубэмрэ зэпыщIэнырщ, гъащIэм мыхьэнэ ин щызиIэ Iуэхугъуэ гуэрым теухуа унафэ къыщыпщтэкIэ, хэхакIуэхэм я еплъыкIэри къэлъытэнырщ.



Хабзэ къыдэгъэкIыным епха лэжьыгъэм щынэхъыщхьэр ящI унафэм и бжыгъэракъым, атIэ абы и фIагъырщ, пылъ сэбэпынагъырщ. Дэ дызытетыр хабзэщIэ зэхэлъхьэн щыхуейр абы къэралыр, жылагъуэр хуэныкъуэ щыхъуам дежщ, апхуэдэ щхьэусыгъуэ зэманым къытхуихьмэщ.

Дауи, псом япэ игъэщыпхъэр иджырей зэманым дызэрыдекIун унафэ къэщтэнырщ, хабзэубзыху лъабжьэ быдэ къызэгъэпэщынырщ, ахэращ республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэ зэпIэзэрытым сэбэп хуэхъур, щIыналъэм иIэ лъэпкъ, щэнхабзэ, тхыдэ щхьэхуэныгъэхэр къэлъытауэ федеральнэ законодательнэ жыпхъэм изыгъэзагъэр.

Иджыпсту диIэ хабзэубзыху лъабжьэм и купщIэр зыхуэдэм ущIэупщIэмэ, абы и фIагъыр къэзылъытэр хэгъэгухэм щыщ ди лэжьэгъухэм я закъуэкъым, атIэ федеральнэ утыкуми щагъэбелджылы.

Зи гугъу сщIахэм къадэкIуэу, къыхэзгъэщыну сыхуейщ а къэтщта хабзэр зэрагъэзащIэми кIэлъыплъыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Абы ипкъ иткIэ, а унафэхэр къэзыщтэ дэ, сытым дежи ди бгыр щIэкъузауэ щытыпхъэщ, тщIа унафэм къырикIуар къэтлъытэу. НэгъуэщIу жыпIэмэ, хабзэр зыубзыхухэмрэ ар зыгъэзащIэхэмрэ сытым дежи зэпыщIауэ щымытынкIэ Iэмал иIэкъым. Абы и щапхъэу къэпхь хъунущ «О бесплатной юридической помощи в КБР», «О Красной книге КБР», «Об особо охраняемых природных территориях КБР» республикэ законхэм ехьэлIауэ депутатхэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэшхуэр. А унафэхэмрэ абы и гъэзэщIэкIэмрэ кIэлъыплъри, къырикIуа IуэхуфIхэри тлъагъужащ.

Парламент кIэлъыплъыныгъэм дяпэкIэ къыщыдгъэсэбэпыну Iэмалхэми къахыдогъахъуэ, къищынэмыщIауэ, къэтщта хабзэм къыпэкIуэ сэбэпынагъыр нэгъуэщI бгъэдыхьэкIэхэмкIи къызэрытхутэным иужь дитщ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, парламент кIэлъыплъыныгъэ егъэкIуэкIынымкIэ щыIэ федеральнэ хабзэхэм нэмыщI, дэ ди Парламентым къыхилъхьа Iэмалхэр къыдогъэсэбэп, ар «комитетым и сыхьэт» жыхуэтIэращ. Абы комитетым и нэIэ щIэт IэнатIэм щекIуэкI Iуэху нэхъыщхьэхэр щызэпкърыдох, щыIэ гугъуехьхэм я хэкIыпIэхэм дыщытопсэлъыхь. Апхуэдэуи Парламентым и Президиумым щIыналъэхэм щригъэкIуэкI зэIущIэхэр къыхэтлъхьащ. Къалэ, щIыналъэ унафэщIхэр хэту зэIущIэхэр зэредгъэкIуэкIым нэмыщI, депутатхэр абдеж щахуозэ къызэрыгуэкI цIыхубэм, щытыкIэр я нэкIэ зэрагъэлъагъу. Апхуэдэ кIэлъыплъыныгъэхэм къэтщта унафэхэм я гъэзэщIэкIэ хъур щызыдогъэлъагъу, аращ унафэм и щхьэпагъри, купщIафIагъри къызыпэкIуэр.

Гулъытэ ин худощI республикэм щекIуэкI гъащIэм дыхэтынми. Республикэ, щIыналъэ мыхьэнэ зиIэ зэхуэс псоми макIуэ парламентархэр. Илъэс куэд щIауэ къыддекIуэкI хабзэфIхэм ящыщщ Хэку зауэшхуэм хэта ветеранхэр зырызыххэу ди депутатхэм я нэIэ зэрыщIэтыр, сыт хуэдэ Iуэху яIэми, зэрадэIэпыкъур. Апхуэдэ дыдэу ди нэIэ зытетхэм ящыщщ IуэхущIапIэ хэхахэм щыпсэу сабий зеиншэхэмрэ зи узыншагъэм сэкъат иIэхэмрэ. Абыхэми гулъытэ, Iуэхутхьэбзэ яхудощIэ.

Апхуэдэ IуэхущIапIэу 6-м дапыщIащ нобэкIэ. Депутатхэм гулъытэ щхьэхуэ зыхуащIхэм ящыщщ зи узыншагъэм сэкъат иIэхэр физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ пэгъунэгъу щIыным, дегъэхьэхыным, ешэлIэным. Апхуэдэу илъэс зыбжанэ хъуауэ Парламентым и депутатхэр доIэпыкъу Налшык къалэм дэт спорт-адаптивнэ школым. Апхуэдэ центрхэр щIыналъэхэми къыщызэрагъэпэщын зэрыхуеймкIэ жэрдэм къыхалъхьащ си лэжьэгъухэм.

Мис а зи гугъу сщIа лэжьыгъэ псоми ехъулIэныгъэхэр диIэу дызэрыпэлъэщыр жысIэфынущ.

**- Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм къыщыхалъхьэ жэрдэмхэмкIэ, ар и лъабжьэу къащта къэрал унафэхэмкIэ, ди республикэ Парламентыр адрей хэгъэгухэм щылажьэ хабзэубзыху IэнатIэхэм ящыщу япэ итхэм хабжэ. Мазэ зыбжанэкIэ узэIэбэкIыжмэ, КъБР-м и Парламентым къыхилъхьа хабзэубзыху жэрдэмыр федеральнэ законым и проекту къащтащ, «О дополнительных гарантиях по социальной поддержке детей-сирот и детей, оставшихся без попечения родителей» федеральнэ законым зэхъуэкIыныгъэ халъхьэн папщIэ. Сыт а дэфтэрым лъабжьэ хуэхъур, дэнэ нэса Iуэхур?**

- Пэжщ, республикэ Парламентым мыхьэнэшхуэ ирет федеральнэ хабзэубзыху Iуэхум и гуащIэ хилъхьэным. АбыкIэ нэхъ жыджэру лажьэ хъуащ иджырей зэхуэсыгъуэмрэ ипэ итамрэ. А лъэхъэнэм къриубыдэу федеральнэ законхэм я проекту 32-рэ къыхалъхьащ, абыхэм ящыщу 14-р мэлажьэ, иджыри плIым хоплъэ.

Уэ къыхэбгъэща жэрдэмым и гугъу пщIымэ, къэрал дэIэпыкъуныгъэрэ гулъытэрэ нэхъ хуэныкъуэу жылагъуэм яхэтыр, шэч хэмылъу, сабий зеиншэхэрщ. Иджыпсту лажьэ «О дополнительных гарантиях по социальной поддержке детей-сирот и детей, оставшихся без попечения родителей» федеральнэ законым ипкъ иткIэ, псэупIэ зэIузэпэщ ират, ауэ зи цIэ-унэцIэ ятхар дунейм ехыжмэ е лIауэ хъыбар къаIэрыхьэмэ, а списокым хатхъыкIыж.

Иджы ди къэралым иригъэкIуэкI дзэ Iуэху хэхам зеиншэу къэхъуа куэд яхэтщ, езыр-езырхэу кIуауэ. Я гъащIэм щымысхьу, абыхэм ди къэралым и шынагъуэншагъэр яхъумэ.

Дэ дгъэхьэзыра законым и проектым и купщIэр зи адэр хэкIуэда балигъыпIэ имыува сабийхэми зи щхьэгъусэр дзэ Iуэху хэхам щаукIа щхьэгъусэми (нэгъуэщI лIы дэмыкIуэжамэ) унэр къратыну хуитыныгъэ яIэным теухуащ. Чэзум щыту дзэ Iуэху хэхам щаукIа е щыкIуэда щIалэм и бынхэм е и щхьэгъусэм къылъысын хуейщ къэралым къритыну къызэригъэгугъа псэупIэр.

Иджыри зэ жысIэнщи, къэралыр апхуэдэхэм зэрадэIэпыкъу щIыкIэм мыхьэнэшхуэ зиIэ и Iыхьэу къыдолъытэ Хэкум зи псэр щIэзыта цIыхум и унагъуэм щыщхэм езым хуагъэфэщауэ щыта псэупIэр иратыжыныр.

Сабий зеиншэу, зи адэ-анэ я нэIэ щIэмытыжу къэхъуа щIалэхэм я дзэ къулыкъур ягъэзэщIэну Iуэху хэхам щраджэкIэ, ящIэн хуейщ, хэкIуадэ хъумэ, къэралым къызэригъэгугъа унэр и унагъуэм щыщхэм къызэрыритыжынур.

Мыхьэнэшхуэ иIэу къыдолъытэ а законыр къащтэу Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхар иухыху лэжьэн зэрыхуейм.

Мы къыхэтлъхьа Iуэхур зэкIэ Урысей Федерацэм и хэгъэгу псоми къыщыддаIыгъащ, дяпэкIэ догугъэ Къэрал Думэм къыщащтэну.

**- Хабзэубзыху лэжьыгъэ нэхъыщхьэм къыдэкIуэу, иджыри сыт хуэдэ Iуэхухэм гулъытэ хэха хуищIрэ Парламентым?**

- Ди лэжьыгъэм япэ щидгъэщыр Урысей Федерацэм щекIуэкI политикэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэр зыхуэныкъуэм тещIыхьа къалэнхэрщ, УФ-м и Президент Путин Владимир УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъазэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и IэтащхьэКIуэкIуэ Казбек КъБР-м и Парламентым Зэрызыхуигъазэм къыщагъэув Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэрщ.

Нобэ депутатхэм я нэIэ зытетхэм ящыщщ Дзэ Iуэху хэхам хэт щIалэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ ядэIэпыкъуныр. Езгъэлеину къыщIэкIынкъым, къэрал псор, жылагъуэр зэрыщыту абы иужь зэритыр жысIэмэ, ди Хэкум и шынагъуэншагъэр зыхъумэу губгъуэм итхэр зыхуэныкъуэ псори къахузэгъэпэщыным дэтхэнэ зыми и къару зэрыхилъхьэр махуэ къэси ди нэгу щIокI.

СВО-м хэтхэм ятеухуауэ къытIэрыхьэ сыт хуэдэ лъэIури Iуэхури пIалъэ къыхэмыкIыу, зэрызэфIэдгъэкIыным иужь дитщ. ЩIалэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ къэрал дэIэпыкъуныгъэр и чэзум зэраIэрыхьэным дыкIэлъоплъ, сыт хуэдэ Iуэху къалъыкъуэкIми, ар зэфIэхыным ди гуащIэ хыдолъхьэ.

Депутатхэр жыджэру хэтщ дзэм ираджахэмрэ я арэзыныгъэкIэ абы кIуахэмрэ зэрадэIэпыкъу Iуэхухэм. Парламентым къыбгъэдэкI дэIэпыкъуныгъи мызэ-мытIэу едгъэшащ СВО-р щекIуэкI щIыпIэхэм. ЗауэлIхэм яIэрыдгъэхьащ фащэхэр, щыгъынхэр, ерыскъыхэр, зыхуеину Iэмэпсымэхэр. А лэжьыгъэр зэпымыууэ едгъэкIуэкIынущ.

ЩIалэгъуалэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ псэкупсэ гъэсэныгъэ яхэлъхьэныр Парламентым япэ иригъэщ Iуэхуу сытым дежи щытащ, апхуэдэуи къонэж. 2022 гъэм щэкIуэгъуэм и 9-м Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир къыдигъэкIа «Об утверждении Основ государственной политики по сохранению и укреплению традиционных российских духовно-нравственных ценностей» унафэр мыхьэнэшхуэ зиIэ дэфтэрщ. Ди къэралым и Президентым къытхуигъэува къалэнхэр гъэзэщIа хъун папщIэ лъэныкъуэ куэду зэхэлъ Iуэхугъуэшхуэхэр зэфIэдгъэкIын хуейщ, ахэр псори зыхухэхар ди лъэпкъхэм ижь-ижьыж лъандэрэ къадекIуэкI щэнхабзэ, псэкупсэ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэнырщ, мис а лъапIэныгъэхэращ ди къэралыр зыхэхуа гугъуехьхэм къыхэзышари нэгъуэщI гузэвэгъуэхэм къезыгъэлари.

«Къэрал сыхьэтым» хиубыдэу ди депутатхэр къыдэкIуэтей щIэблэм яIуощIэри, хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и къалэнхэм яхутопсэлъыхь, къэрал Iуэхухэр щызэпкърах, ныбжьыщIэхэм я упщIэхэм жэуап ират.

ХабзэфI тхуэхъуауэ дыхэтщ «Дэ Урысейм дрицIыхущ!» урысейпсо Iуэхум и Iыхьэу ди республикэм щекIуэкIым. Мис а зэIущIэхэм еджэныгъэм, спортым, жылагъуэ Iуэхум, творчествэм ехъулIэныгъэ щызыIэрызыгъэхьа ныбжьыщIэхэр щыдогъэлъапIэ, унагъуэ хуэмыщIахэм къахэкIахэм, сабий зеиншэхэм, зи адэ-анэ я нэIэ щIэмытыжу къэнахэм я дэфтэр нэхъыщхьэр - Урысей Федерацэм и цIыхуу зэрыщытым щыхьэт техъуэ паспортыр - щадотыж.

Хэкур фIыуэ лъагъуныр, и тхыдэр зэгъэщIэныр, щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэмрэ псэкупсэ лъапIэныгъэхэмрэ хъумэныр дэ псоми ди зэхуэдэ къалэнщ, къыдэкIуэтей щIэблэр зыхуей хуэзэн, урысей цIыхум зиужьын папщIэ. Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу адыгэ, балъкъэр, нэгъуэщI лъэпкъхэм я дежкIэ а зи гугъу сщIа лъапIэныгъэхэр хъумэныр лъэпкъ зэхэщIыкIыр щызыгъэIэщ, ахэр къэзыхъумэщ, нэгъуэщIхэм яхэмышыпсыхьыжынымкIэ шэсыпIэщ.

**- Тхьэм уигъэпсэу!**

*Епсэлъар* **БЕЛГЪЭРОКЪУЭ Марьянэщ**.
*Сурэтыр* **Елъкъан Артур** *трихащ.*

# Илъэсищэ дэкIами, и лъэужьыр къэнащ

**Къызэралъхурэ мы гъэм накъыгъэм и 1-м илъэсищэ ирокъу совет парт, къэрал лэжьакIуэ, 1969 - 1989 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщIу лэжьа Къущхьэ КIыщыкъуэ Сэхьид и къуэр.**



КЪУЩХЬЭР республикэм и Министрхэм я Советым и УнафэщIу щыщыта гъэхэм завод, фабрикэ инхэр яухуащ, Iэщ Iыгъыпlэ, псы щIэгъэлъэдапIэ хьэлэмэтхэр къызэрагъэпэщащ. Гулъытэшхуэ хуащIащ школхэр, сабий гъэсапIэхэр, яслъэхэр, киногъэлъэгъуапIэхэр, ЩэнхабзэмкIэ унэхэр яухуэнми. Узыншагъэр хъумэным теухуауи ящIар мащIэкъым. Къалэхэм, районхэм щаухуащ сымаджэщхэр, поликлиникэхэр, къуажэхэм къыдэхутащ дохутыр амбулаторэ, фельдшер-акушер IуэхущIапIэхэр. Медицинэ Iэмэпсымэ куэд къащэхуащ. Апхуэдэу абы гулъытэ хэха хуищIырт республикэр зыхуэныкъуэ IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырыным, къешэлIэным.

Ди республикэм япэ дыдэу къуажэ школ къыщызыуха цIыху 11-м ящыщащ Кlыщыкъуэ. Абы «5» защIэкIэ еджэныр къызэрырихьэлIам щыхьэт техъуэ дэфтэрым щытхъу тхылъ и гъусэу кърaтыжат. А зэманым дыщэ медаль яту щытакъым. Школыр къэзыухахэм я аттестатхэр щыIэрагъэхьэж гуфIэгъуэ пщыхьэщхьэр къуажэми районми ягъэлъапIэу зэхэтыну трахуауэ щытащ 1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 21-м. Пшыхьыр дахэ дыдэу зэфIэкIат. Ауэ а жэщым и пщэдджыжьыпэ дыдэм гум имыхужын нэщхъеягъуэшхуэр къэхъуащ - нэмыцэхэр ди къэралым къытеуащ. Школыр къэзыухагъащIэ Кlыщыкъуэ, тхьэмахуитI нэхъ дэмыкIыу, зауэм ираджащ. Краснодар дэт дзэ училищэм мазихкIэ щеджэри, топгъауэ взводым и батареем и командиру щытащ.

Кlыщыкъуэ зенит батареем и командиру Мэздэгу къыщыщIэдзауэ Будапешт нэсыху зауэм хэтащ. Ар ящыщщ нэмыцэхэр Ставрополь, Краснодар, Ростов дэзыхужахэм.

1943 гъэм накъыгъэм и 1-м Кlыщыкъуэ зи Iэтащхьэ батареем кхъухьлъатитI къриудыхауэ щытащ. Абы и ныбжьыр илъэс 20 фIэкIа мыхъуауэ «Вагъуэ Плъыжь» орденыр къыхуагъэфэщат. 1944 гъэм Яссэ-Кишинев зэхэуэм Кlыщыкъуэ и батареем нэмыцэм и кхъухьлъатэу щы, танкыу плIы зэтрикъутащ. Абы щыгъуэми ди хэкуэгъум къыхуагъэфэщауэ щытащ Хэку зауэшхуэм етIуанэ нагъыщэ зиIэ и орденыр, Совет Нэхъыщхьэм и хъуэхъу тхылъыр. Венгрием фашистхэм къаIэщIэхыжыным Кlыщыкъуэ и батареер жыджэру хэтащ. Абы къратащ Хэку зауэшхуэм езанэ нагъыщэ зиIэ и орденыр, «Будапешт къызэращтам папщIэ» медалыр. Абдеж зауэр щиухри, Кlыщыкъуэ къигъэзэжащ.

Зауэ нэужьым Кlыщыкъуэ къыхуагъэлъэгъуащ Дзэ академием щIагъэтIысхьэну, ауэ адэ-анэм я лъэIукIэ, абы къигъэзэжащ щалъхуа куейм. Iуащхьэмахуэ районым и къудамэм и унафэщIу илъэсиплIкIэ, абы иужькIэ секретару лэжьащ. Къэбэрдей институтыр, Горскэ мэкъумэш институтыр къиухащ. 1950 гъэм и ныбжьыр илъэс 27-м иту Кlыщыкъуэ Тэрч райкомым и япэ секретару хахащ. Хэку зауэшхуэр иуха нэужь, къэзыгъэзэжа, абы къыщихьа дамыгъэ куэдым зи бгъэр ягъэдахэ офицер щIалэ екIум районым и цIыхухэр къыбгъэдэуващ фIыкIэ къыщыгугъыу.

Зауэм зэхикъутахэр псынщIэу зэфIэгъэувэжын, республикэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ районым зегъэужьын хуейт.

Зэман кIэщIым къриубыдэу Кlыщыкъуэ а IэнатIэм зыкъыщигъэлъэгъуащ япэ игъэщын хуей къалэнхэр гъэзэщIэным цIыхухэр хузэщIигъэуIуэфу, лэжьыгъэр фIыуэ илъагъуу, цIыхухэм я гум къишхыдыкIыу, и щхьэми и унафэм щIэтхэми яхуэткIийуэ. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм районым и щыIэкIэ-псэукIэр иригъэфIакIуэрт.

Тэрч районым зэрыщыIэрэ илъэситI хъуауэ Кlыщыкъуэ ираджэжри, партым и обкомым мэкъумэш IэнатIэмкIэ и къудамэм и унафэщIу ягъэуващ икIи партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и бюром хагъэхьащ.

Зэман дэкIри, Къэбэрдей-Балъкъэрым и обкомым и секретару, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм и унафэщIу хахащ. КъБР-м и Правительствэм Кlыщыкъуэ щылэжьащ илъэс 21-кIэ. Абы щыщу илъэс 16-кIэ Правительствэм и УнафэщIу (1969 - 1984 гъгъ.), щэнейрэ КПСС-м и съездхэм я лIыкIуэу щытащ. КъБАССР-м, РСФСР-м, СССР-м я депутату илъэс 30-кIэ екIуэкIащ.

НыбжькIэ нэхъыжьхэм ящIэж а илъэсхэр республикэм и зыужьыныгъэшхуэ зэману зэрыщытар: экономикэм, щIэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, щэнхабзэм, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным я лъэныкъуэкIэ ипэкIэ кIуатэрт. А псоми илъэс 40-м щIигъукIэ псэемыблэжу хэлэжьыхьащ Кlыщыкъуэ, IэнатIэ нэхъ гугъу дыдэхэм пэрыту. ИкIи цIыхубэм я псэукIэр ефIэкIуэн папщIэ Iуэхугъуэ куэд гъащIэм хипщащ.

ЛIы ахъырзэману, лъэужьыфIэу дунейм тета Кlыщыкъуэ и къежьапIэ хъуари и цIэр зэрыфIащари гъэщIэгъуэнщ. Къущхьэ Сэхьид щIэблэ игъуэтыным хуэпабгъэу илъэси 10-кIэ псэуат. Абы иужькIэ къалъхуа сабиитIри щIэх дыдэу лIэжат. Ещанэм щыпэплъэм, апхуэдэ гузэвэгъуэ иджыри къалъэмыIэсын папщIэ, адыгэхэм я фIэщ хъууэ, сэбэп къахуэхъуу щыIэ нэщэнэхэр зрагъэщIащ. Абыхэм язым ипкъ иткIэ, сабий къалъхуагъащIэр занщIэу кIыщым яхьу, гъущI гъэплъар зэрагъэупщIыIу псымкIэ ягъэпскIыу, «кIыщ» хэту цIэ фIащын хуейт. Алыхьым къарита щIалэ цIыкIум апхуэдэ хабзэхэр кIэлъызэрахьэри, Кlыщыкъуэ фIащащ.

ЩIалэр, Тхьэм узэрелъэIун жыхуаIэм хуэдэу, жану, нэжэгужэу, гурыхуэу, жыIэдаIуэу къэхъуащ. Ар дунейм къытехьат 1923 гъэм накъыгъэм и 1-м. Абы иужькIэ къалъхуащ Гъумар, Замилэ, нэхъыщIэ дыдэу Мухьэжид сымэ.

Хуэкъулейтэкъым Сэхьид и бынунэр, ауэ унагъуэшхуэ зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу, щхьэж хузэфIэкIыр ищIэу, яшхынрэ ящIэнрэ ягъуэту къэгъуэгурыкIуащ. Адэ-анэм бынхэм ткIийуэ хуагъэувырт, адыгэ хабзэм тету, нэхъыжьхэм, цIыхубзхэм, сабийхэм гулъытэ, пщIэ хуащIу, езыхэр зэрыIыгъыу, нэмыс яхэлъу псэуну. Сэхьид лэжьыгъэр фIыуэ илъагъурт, бзэ IэфI Iурылът, псэлъэрейтэкъым, жиIар сыт щыгъуи игъэзэщIэжырт. Абы фIыуэ илъагъурт икIи гукIэ ищIэрт цIыху губзыгъэхэм я псалъэ Iущхэр - псом хуэмыдэу Къэзанокъуэ Жэбагъы, Нэгумэ Шорэ сымэ къытхуагъэна псалъэжьхэр. ЛIэщIыгъуэ блэкIам, 20 - 30 гъэхэм псэуныгъэр нэхъ гугъуу щыщытам, Къущхьэхэ я гъунэгъухэм гу лъатэрт, адэм унагъуэ Iуэхухэр сабийхэм ящхьэщихыурэ, еджэным нэхъ егугъуным зэрыхуиущиийм.

Абыхэм кIэщIу жэуап яритауэ щытащ Сэхьид: «Зэманым псори къигъэлъэгъуэнщ». ИкIи мыгувэу ар наIуэ къэхъуащ. Кlыщыкъуэ еджапIэм щыщIэтIысхьам, еджэным и гур хуабжьу етат, егъэджакIуэм жиIэр псынщIэу къипхъуатэрт. Абы къыхэкIкIэ, егъэджакIуэхэм я советым и унафэкIэ, зы илъэсым 1-нэ, 2-нэ классхэр кърагъэухауэ щытащ.

Кlыщыкъуэ куэдым къащхьэщыкIырт ищI мурадым и Iэр зэрытригъахуэмкIэ, Iуэхум фIыуэ зэрыхищIыкIымкIэ, лэжьыгъэм зэрытемызашэмкIэ, къызэрыгуэкIыу зэрыщытымкIэ, лъэпкъ зэхэгъэж зэримыщIымкIэ, ныбжьэгъугъэр зэригъэпэжымкIэ. А хьэлыфIхэр езыр къэзыухъуреихьхэм зэрызахригъэлъхьэным дапщэщи иужь итт. Ар цIыхубэм япыщIат, абыхэм къыхалъхьэ жэрдэмыфIхэр гуапэу ядиIыгъырт. ЛIы щэджащэр зыцIыхуу щыта куэдым ар я гум къинэжащ цIыху хьэлэлу, гуапэу, нэмысыфIэу, гущIэгъу хэлъу, фIы зэрилэжьыным хущIэкъуу.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

● Юбилейхэр

# Зэманыр IуэхукIэ зыгъэнщIа

## Политик, къэрал лэжьакIуэ цIэрыIуэ Нэхущ Заурбий и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу



**Нэхущ Заурбий Къэбэрдей-Балъкъэрым къулыкъу нэхъыщхьэхэм щыпэрытащ Урысей Федерацэм зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр къыщихъуа лъэхъэнэм техуэу. ЦIыхум и гуащIи зэрихьа Iуэхуфlи къыщамылъытэж хъуа зэманым республикэм и цIэр къэрал утыкум фIыкIэ щыгъэIуным уегугъун хуейт, езы щIыналъэми хуитыныгъэм и мыхьэнэр нэсу къызыгурымыIуэу псори зыгуэшыну, зэхэзыкъутэну хэт, демократ хуэдэу зыкъэзылъытэжхэми уащыпэщIэтыну къыпхуихуэрт. А псори зэхуэбгъэхъун папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм псэукIэ тэмэм щызэфIэбгъэувэнымкIэ сэбэп хъуну закон щхьэхуэхэри къыдэгъэкIын хуейт. Ауэ ар тынштэкъым. Нэхущ Заурбий абы щыгъуэ республикэм и Парламентым и УнафэщIти, хабзэубзыху Iуэхухэр къызыхуэтыншэу зэфIигъэувауэ щытащ. КъапщтэмэIуэ, иджыпсту ди республикэр зытет, зэрылажьэ хабзэхэр абы щыгъуэ къащтахэрщ. Ахэр Урысейми дуней псоми я хабзэ гъэувыкIэхэм и жыпхъэм итщ.**

РЕСПУБЛИКЭР сату Iуэхухэм щыхыхьа илъэсхэм цIыхубэм къагурыIуэн щIадза къудейт нэхъапэхэм щыIа мардэхэм узэрытемытыжыфынур, щытыкIэщIэхэр зэтеублэн зэрыхуейр. А илъэсхэм Нэхущым и щIэныгъэмрэ и Iуэху бгъэдыхьэкIэмрэ уасэ зимыIэт. Ар ящыщт КъБР-м и Президент КIуэкIуэ Валерэ дзыхь зригъэзэхэм. Дэ, Заурбий и ныбжьэгъухэмрэ лэжьэгъухэмрэ, тлъагъурт абы талантышхуэ зэрыбгъэдэлъыр, лэжьыгъэр фIыуэ зэрилъагъур. Абы щыгъуэми, ар дэтхэнэ Iуэхуми жэуаплыныгъэшхуэ хэлъу бгъэдыхьэ унафэщIт. Республикэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэр Нэхущым и пщэ къыдилъхьэрт, щIыналъэм и лIыкIуэхэм пашэ яхуищIырт Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президенту щыта КIуэкIуэ Валерэ. Къэхъурт ар псэзэпылъхьэпIэ щытыкIэ щихуи. Мызэ-мытIэу ар IуэхукIэ кIуащ зауэ щекIуэкIа Шэшэным, Абхъазым.

Нэхущ Заурбий 1943 гъэм накъыгъэм и 1-м Жанхъуэтекъуэ къуажэм дунейм къыщытехьащ. 1960 гъэм Тырныауз вольт мащIэ зиIэ аппаратурэхэр щащI заводым токару лэжьэн щIидзащ абы, иужькIэ Совет армэм къулыкъу щищIащ, Тырныауз вольфрам-молибден комбинатми щылэжьащ. Зэман кIыхькIэ ар хэтащ мэкъумэш Iуэхуми. И зэфIэкIхэр къалъытэри, Мовсисян Черкес зи унафэщI «Налшык» совхозым ирагъэблэгъащ. Абдежым Нэхущым и зэфIэкIхэр нэхъри къыщынэIуащ. Агроному, бригадиру, лэжьакIуэхэм я комитетым и унафэщIу, совхозым и парткомым и секретару щытащ. 1982 - 1987 гъэхэм КПСС-м и Ленинскэ райкомым мэкъумэш IэнатIэмкIэ и къудамэм и унафэщI, Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Къэрал агропромышленнэ комитетым и парткомым и секретарь къулыкъухэр зэрихьащ. Нэхущыр КПСС-м и Бахъсэн райкомым и япэ секретару, иужькIэ Бахъсэн щIыналъэм и администрацэм и унафэщIу лэжьащ.

90 гъэхэм ар жыджэру хыхьащ республикэм и жылагъуэ-политикэ Iуэхухэм. 1992 гъэм КIуэкIуэ Валерэ республикэм и Президенту хахащ икIи Нэхущ Заурбий КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ IэнатIэр дзыхь хуащIащ. 1993 гъэм хахри, КъБР-м и Парламентым республикэмкIэ и Советым и унафэщIу илъэсипщIкIэ лэжьащ. Парламентым и УнафэщIу щыткIэрэ, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым ди республикэм къыбгъэдэкIыу хэтт.

А илъэсхэм Нэхущ Заурбий Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Тхьэмадэу хахащ. ДАХ-м къегъэщIылIа адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр зэригъэуIури, а къэрур дуней псом щикъухьа адыгэхэм сэбэп яхуэхъуным хуиунэтIащ. Хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъу куэдым ноби фIыкIэ и цIэ къраIуэ, фIыщIэ хуащI Нэхущым.

2003 гъэм Нэхущ Заурбий Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и еплIанэ зэхуэсыгъуэм и депутату хах, «Урысей зэкъуэт» фракцэм хагъэхьэ, ЩIыналъэ политикэмрэ федерацэхэм я IуэхухэмкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ ящI. А IэнатIэхэми политик нэсу зыкъыщигъэлъэгъуащ, Урысейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым папщIэ куэд илэжьащ.

Ноби Нэхущ Заурбий сэбэп мэхъу цIыхубэм я псэукIэр ефIэкIуэн папщIэ. Илъэс куэд хъуауэ ар хэтщ Урысей Федерацэми Къэбэрдей-Балъкъэрми я Жылагъуэ палатэхэм. Республикэм пщIэшхуэ щызыгъуэта, зи псалъэр ялъытэ, зи ныбжьэгъугъэм псори иригушхуэ цIыху нэсщ Нэхущ Заурбий. Дэри абы дрогушхуэ! Илъэс 80 щрикъум ирихьэлIэу ди ныбжьэгъум дохъуэхъу и унагъуэ дахэм узыншэу ящхьэщытыну, и жьэгум насыпрэ дэрэжэгъуэрэ дэлъыну!

**ЗУМАКУЛОВ Борис**,
*ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэ*,
**БЕРД Хьэзрэталий**,
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм и унафэщI*,
**СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий**,
*Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ*.





**• Си бзэ - си псэ, си дуней**

# Уэ ди нэ-ди псэу анэдэлъхубзэ, Лъэпкъым и гупсэ, къыдэбзэрабзэ!

**Къурш псынэхэм ядэIущащэ, жэнэт бзухэм ядэбзэрабзэ ди анэдэлъхубзэм и махуэшхуэт Аруан щIыналъэм и къалащхьэ Нарткъалэ мэлыжьыхьым и 27-м щызэхаша зэIущIэ дахэр. Ар теухуат 2022 - 2023 гъэ еджэгъуэм къриубыдэу екIуэкIа «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестиваль-зэпеуэм, анэдэлъхубзэм и пщIэр нэхъри къэIэтынымкIэ, балигъми сабийми абы хуащI гулъытэм хэгъэхъуэнымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэм, къэрикIуахэр наIуэ къэщIыным, абы щытекIуахэр, къыхэжаныкIахэр гъэлъэпIэным. Апхуэдэуи зэхуэсым щрагъэжьащ «Анэдэлъхубзэр езыгъэдж IэщIагъэлI нэхъыфI» урысейпсо зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэр.**

РЕСПУБЛИКЭПСО махуэшхуэм и жыпхъэм иту къызэрагъэпэщат гуфIэгъуэ зэхуэсыр. Аруан щIыналъэм и къэфакIуэ гуп цIэрыIуэ «Нартшырым» хэтхэм Iуэхур щекIуэкI «Планета» кинотеатрым и щIыхьэпIэм деж щызэхаша адыгэ джэгум гури псэри итхьэкъурт, лъэр щIигъэкIырт. Абдеж хьэщIэ лъапIэхэр щрагъэблагъэрт щIыналъэм и хэгъэрейхэм. Апхуэдэхэт Аруан район администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **КъарэцIыкIу Мухьэмэд**, администрацэмрэ щIыпIэ самоуправленэмрэ я IэщIагъэлIхэр, егъэджэныгъэмкIэ район IэнатIэм и унафэщI **Жанэ Заурбэчрэ** абы и нэIэм щIэт лэжьакIуэхэмрэ.

ПщIэшхуэ зыхуащIу хьэщIагъэ лъагэ зраххэм яхэтт КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Езауэ Анзор**, ар зи пашэ IэнатIэм и IэщIагъэлIхэр, КъБР-м и Парламентым и депутат, КъБКъУ-м и медколледжым и унафэщI **Пщыбий Светланэ**, «Эльбрусоид» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и пашэ **Анаев Марат**, егъэджэныгъэ IэнатIэм пэрытхэм я профсоюзым и унафэщI **Карныш Сергей**, республикэм анэдэлъхубзэкIэ къыщыдэкI «Адыгэ псалъэ», «Заман» газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэу **Жыласэ Заурбэчрэ Конаков Хьэсэнрэ**, тхыдэдж цIэрыIуэ, «Къайсын и деж ухуэзышэ лъэбакъуи 100» проектым и жэрдэмщIакIуэ **Тетуев Хьэдис**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и Аруан къудамэм и тхьэмадэ **КъущхьэтIу Хьэутий** сымэ, анэдэлъхубзэм и къэкIуэнум игъэпIейтей хэкупсэхэу къэрал IуэхущIапIэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, республикэм и къалэ, район администрацэхэм я лIыкIуэхэр, зэпеуэм щытекIуа, абы жыджэру хэта сабий садхэм, курыт школхэм я унафэщIхэр, гъэсакIуэ пэрытхэр, анэдэлъхубзэмкIэ егъэджакIуэ Iэзэхэр, ныбжьыщIэ зэчиифIэхэр, нэгъуэщIхэри.

Гъэлъэгъуэныгъэ купщIафIэр гунэс зыщыхъуа хьэщIэхэри бысымхэри адэкIэ ирагъэблэгъащ «Планета»-м и пэшышхуэм. Ар къызыхуэтыншэу хуэщIат махуэшхуэм. Ди Iуащхьэмахуэ и теплъэ уардэр, ди губгъуэ хуитхэмрэ тафэшхуэхэмрэ къызэрыщ плакатым дыщэпскIэ къыхэлыдыкIырт «Си бзэ - си псэ, си дуней!» псалъэхэр, адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ тхауэ. Ар сценэм и блын псом хуэкIуэу кIэридзэрт. ДэнэкIи щыплъагъурт «Сэ сыадыгэщ, ар ину жызоIэ!», «Анэдэлъхубзэ, адыгэ жьабзэ, УздэщымыIэ сыщремыIэ!», «Фарзщи, адыгагъэм фемыIусэ, ар псэунщ, бэуэхукIэ зы адыгэ!» А псом гур хагъахъуэрт, адыгэр зэрыпсэум щыхьэт техъуэу, анэдэлъхубзэр лъэпкъыр зэрыщыIэм и нэщэнэ нэхъыщхьэу зэрыщытым иджыри зэ урагъэгупсысу.

Анэдэлъхубзэм и махуэшхуэр къызэригъэпэщащ икIи иригъэкIуэкIащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм лъэпкъ щIэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI **Мыз Залинэ**. Хэкупсэ нэсу щыт бзылъхугъэ акъылыфIэм къызэхуэсахэм бзищымкIи: адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ - сэлам гуапэ яриха нэужь, кIэщIу къытеувыIащ гуфIэгъуэ зэхыхьэр зытещIыхьам.

УФ-м, КъБР-м я къэрал гимнхэр къеуа нэужь, псалъэ иратащ КъарэцIыкIу Мухьэмэд. Ар къызэхуэсахэм гуапэу ехъуэхъуащ анэдэлъхубзэр хъумэным, ар егъэфIэкIуэным хуэгъэпса зэхыхьэ инымкIэ.

- Си гуапэу фыкъызогъэблагъэ тхыдэ дахэ зиIэ ди Аруан щIыналъэм. СыщогуфIыкI икIи сропагэ мыпхуэдэ лъэпкъпсо Iуэхушхуэ Нарткъалэ къызэрыщызэрагъэпэщам. Илъэс 20-м щIигъуауэ екIуэкI «Си бзэ - си псэ, си дуней» фестиваль-зэпеуэм зыбжанэрэ хэтащ ди щIыналъэм хыхьэ жылэхэм дэт курыт школхэр, сабий садхэр, ехъулIэныгъэфIхэр, текIуэныгъэ инхэр къыщахьу. Мис, аргуэру дыщогуфIыкI мыгъэрей зэпеуэм къриубыдэу текIуэныгъэ зыхуагъэфэщахэм ди щIыналъэм щыщ егъэджакIуэхэр, ныбжьыщIэхэр, курыт школхэр зэрыхэтым, - жиIащ абы. Фестиваль-зэпеуэм зыхуэгъэхьэзырыныр, абы екIуу хэтыныр иджы школ Iуэху къудейкъым, атIэ ар мэхъу жылэпсо къэхъукъащIэ, егъэджакIуэхэри еджакIуэхэри, сабийхэри балигъхэри, унэгуащэхэри нэхъыжьыфIхэри къызэщIиубыдэу. Абы и щапхъэ ди мащIэкъыми, жыдоIэ а зэпеуэр бзэм и мызакъуэу, лъэпкъым и псэм, и дунейм я махуэшхуэу ипэжыпIэкIэ зэрыщытыр.

Мыгъэрей зэпеуэм щытекIуа, къыхэжаныкIа IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэм КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм къыбгъэдэкI фIыщIэ тхылъхэр КъарэцIыкIум яритащ, Iэгуауэ иным щIэту. Зи цIэ ираIуахэм ящыщщ Бозиев Хъусей (Джэрпэджэж къуажэм дэт курыт школ), Тумэ Валентинэ (Инарыкъуей къуажэм дэт курыт школ), Табыхъу Iэсият, Апекъуэ Заремэ (курыт школ №1, Анзорей къуажэ), Ут Аслъижан (курыт школ №2, Алътуд къуажэ), Кожаков Малик (Хъущтэ-Сырт жылэм дэт курыт школ) сымэ.

АдэкIэ къызэхуэсахэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ утыкур хуит зыхуащIа министр Езауэ Анзор.

- Анэдэлъхубзэр езыгъэдж хэм я пщэм къалэнышхуэ къыдохуэ: абыхэм бзэм и хабзэхэр, литературэм и тхыгъэхэмрэ абы и теориемрэ сабийхэм ирагъэдж къудейкъым, атIэ абыхэм елъытащ къытщIэхъуэ щIэблэр ди лъэпкъ тхыдэм, хабзэм, щэнхабзэм щыгъуазэу къэтэджыныр, ахэр хэкупсэ нэсу къэхъуныр, - къыхигъэщащ и къэпсэлъэныгъэм министрым. - Си гуапэщ а Iуэхугъуэхэм гурэ псэкIэ елIалIэ егъэджакIуэ куэд зэрыдиIэр. Сигуми си псэми къабгъэдэкIыу сынывохъуэхъу бзэр хъумэным зи гуащIэ, зэфIэкI, щIэныгъэ езыхьэлIэ дэтхэнэми.

Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министерствэм къыбгъэдэкI щIыхь тхылъхэр Езауэм иритащ республикэпсо зэпеуэм жыджэру хэта икIи абы текIуэныгъэ щызыIэрызыгъэхьа курыт школхэм я унафэщIхэм. Апхуэдэхэт Аслъэн Майе (курыт школ №20, Налшык къалэ), Кочаровская Ольгэ (Благовещенскэ къуажэм дэт курыт школ), Баразбиевэ Эльмирэ (Былым къуажэм дэт курыт школ), Нэгъуей Риммэ (гимназие №4, Налшык къалэ), ДыщэкI Азрэталий (курыт школ №2, Шэджэм ЕтIуанэ къуажэ), Биттировэ Хьэлимэт (Хьэбэз къуажэм дэт курыт школ), Гъуэгунокъуэ Владислав (курыт школ №3, Псыгуэнсу къуажэ), Кудаевэ Ольгэ (гимназие №1, Май къалэ), Мамбергер Оксанэ (курыт школ №1, Прохладнэ къалэ).

КъБР-м и Парламентым къыбгъэдэкI псалъэ зэхуэсым щыжиIащ Пщыбий Светланэ. Ар хабзэубзыху IэнатIэм и унафэщIхэм къабгъэдэкI фIэхъусрэ хъуэхъукIэ яхуэупсащ анэдэлъхубзэр хъумэным, ар егъэфIэкIуэным зи гъащIэр тезыухуа егъэджакIуэхэм. Парламентым къыбгъэдэкI ЩIыхь тхылъхэр егъэджакIуэхэм Налшык мыгувэу зэрыщратыжынури къыхигъэщащ. Апхуэдэхэщ егъэджакIуэ Iэзэхэу Хьэрэдурэ Эммэ (Инарыкъуей къуажэм дэт курыт школ), Мамиевэ Iэсият (Жэмтхьэлэ жылэм дэт курыт школ), Гимельфарб Андрей (Благовещенскэ жылэм дэт курыт школ).

- ЗэрыжаIэщи, бзэр щыIэхукIэ, лъэпкъри псэущ. Ар хьэкъщ икIи дэтхэнэ зы лъэпкъым и дежкIи мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэщ, - жиIащ зэхуэсым къыщыпсэлъа Анаев Марат. - ФIыщIэ ин яхузощI лъэпкъпсо мыхьэнэ зиIэ а къалэныр къызыхуэтыншэу, жэуаплыныгъэ лъагэ зыхащIэу зэфIэзых дэтхэнэми. Си гуапэщ зэпеуэм илъэс къэс унэцIэщIэхэр, жылэщIэхэр къызэрыхыхьэр. ЗиузэщIыну, ефIэкIуэну лъэпкъыр хъумэным хуэлажьэ «Си бзэ - си псэ, дуней» зэпеуэр!

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм къыбгъэдэкI щIыхь тхылъхэр Анаевым ярitыжащ зэпеуэм къриубыдэу методикэ лэжьыгъэ купщIафIэ къызыгъэлъэгъуа егъэджакIуэхэм. Апхуэдэхэт а унэтIыныгъэм япэ увыпIэр къыщызыхьахэу Алэкъей Милатинэрэ (курыт школ №2, Шэджэм ЕтIуанэ къуажэ) Жанатаевэ Лизэрэ (Хъущтэ-Сырт жылэм дэт курыт школ), етIуанэ хъуахэу Батырбиевэ Мадинэрэ (курыт школ №3, Шэджэм къалэ) Нэгуэр Iэминатрэ (курыт школ №2, Куба къуажэ), ещанэ увыпIэр зыхуагъэфэщахэу Бей Жансурэтрэ (курыт школ №1, Дзэлыкъуэкъуажэ) Байтугановэ Маринэ (Шэджэм Ищхъэрэ жылэм дэт курыт школ).

«Адыгэ псалъэ», «Заман» республикэ газетхэм я унафэщIхэу Жыласэ Заурбэчрэ Конаков Хьэсэнрэ къызэхуэсахэм гуапэу ехъуэхъуащ. Абыхэм жаIащ лъэпкъ газетхэм я IэщIагъэлIхэри, анэдэлъхубзэр курыт школхэм щезыгъэджхэри, сабий гъэсапIэхэм абыкIэ щIэблэм щелIалIэхэри - псори зытелажьэр зы Iуэхугъуэшхуэу - нэхъыжьхэм къытхуагъэна ди бзэр, хабзэр, щэнхабзэр хъумэныр, егъэфIэкIуэныр - арауэ зэрыщытыр.

- ЛIэщIыгъуэ кIуам и кIэуххэм ирохьэлIэ зэпеуэр «Адыгэ псалъэ» газетым япэу къыщыхилъхьа зэманыр. Алъандэрэ блэкIа илъэсхэм абы зиужьащ, и купщIэкIи теплъэкIи ефIэкIуащ. А псори хуокIуэпс и фIэщыгъэ дахэм, сыту жыпIэмэ ди анэбзэращ зезыгъэузэщIыр ди псэм, тхуэзыгъэдахэр ди дунейр. Анэдэлъхубзэм и IэфIагъыр зыхэзымыщIэ псэр тхьэмыщкIэщ, ар здэщымыIэ дунейри фагъуэщ, - къыхигъэщащ и псалъэм Жыласэ Заурбэч. - ФIыщIэ ин фхудощI а лъэпкъ фIыгъуэ нэхъыщхьэр тхуэзыхъумэ, абы зезыгъэужь дэтхэнэми.

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм къыбгъэдэкI щIыхь тхылъхэр Жыласэм яритыжащ «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэм и кIэлъыплъакIуэ гупым хэт егъэджакIуэ цIэрыIуэхэу, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ щыпкъэхэу Щоджэн Iэминат, Конаковэ Любэ, Тхъуэст ФатIимэт, Бачиевэ ФатIимэт, Храмшина Галинэ сымэ. Конаковым а министерствэм и фIыщIэ тхылъхэмкIэ игъэпэжащ зэпеуэм къыхэжаныкIа еджакIуэхэу Алътуд щыщ Лэбэзан Астемыр, Хъущтэ-Сырт щеджэ Жансуев Магомед, Благовещенскэм щыпсэу Мурашкэ Денис сымэ.

ГуфIэгъуэ зэхуэсым кърихьэлIахэм гуапэу зыхуагъэзащ Тетуев Хьэдис, КъущхьэтIу Хьэутий сымэ, нэгъуэщIхэми. Абыхэм фIыщIэ ин хуащIащ зи бынхэм анэдэлъхубзэр яIурылъу къэзыгъэтэдж адэ-анэхэм, бзэр, лъэпкъ хабзэмрэ тхыдэмрэ щIэблэм ящIэным хуэлажьэ егъэджакIуэ гумызагъэхэм. КъэкIуэну зиIэнури зи анэдэлъхубзэм пщIэ хуэзыщI, ар зыIурылъ лъэпкъыр арауэ зэрыщытри къыхагъэщащ.

ГуфIэгъуэ зэхуэсым нэгъуэщI зы Iуэхугъуи къыщаIэтащ. 2023 гъэр ЕгъэджакIуэмрэ унэтIакIуэмрэ я илъэсу зэрыщытыр къыхалъытэу, абы щаублащ «Анэдэлъхубзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ нэхъыфI» урысейпсо зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэр. Абы хэтынущ лъэпкъыбзэхэр ди республикэм щезыгъэдж IэщIагъэлI пашэхэр.

Апхуэдиз Iуэху щхьэпэ, купщIафIэ къыщрахьэлIа гуфIэгъуэ зэхуэсышхуэр я уэрэдхэмрэ къафэхэмкIэ ягъэдэхащ, зэхуэсым кърихьэлIа псоми я гукъыдэжыр къаIэту. Утыкур зыгъэбжьыфIахэм ящыщщ «Нартшыр», «Вдохновение», «Дыгъэ шыр», «Псыгуэнсу» сабий къэфакIуэ гуп цIэрыIуэхэр, уэрэджыIакIуэ ныбжьыщIэхэу Бозиевэ Лейла, Дзасэжь Данэ, Ким Виктор, Тхъуэст Алим сымэ, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэу гуп къэси псоми зэгъусэуи фэеплъ сурэтхэр зытрагъэхащ.

ГуфIэгъуэ зэхуэсым щекIуэкIа Iуэхугъуэхэм я мыхьэнэмрэ купщIэмрэ къагъэлъэгъуащ, «ди анэдэлъхубзэу щыпкъэр нэпкъым зэрыщхьэщымыхьар», абы и къэкIуэнум, и нобэрей щытыкIэм ирипIейтей цIыху куэд лъэпкъым зэрыдиIэр. АтIэми набдзэгубдзаплъэу дапщэщи хущытыпхъэщ анэбзэр хъумэным, абы зегъэужьыным хуэщIа Iуэхугъуэ псоми. Ар я пщэрылъщ лъэпкъым и цIыхуу зыкъэзылъытэж дэтхэнэми, я ныбжьми, зыпэрыт Iэнатэми, жылагъуэм щаубыд увыпIэми емылъытауэ. Псоми: унэгуащэм и деж къыщыщIэдзауэ къэрал къулыкъущIэ лъагэм деж щиухыжу, сыту жыпIэмэ бзэр щымыIэмэ, лъэпкъри мэкIуэд! А гупсысэхэр абдеж къыщаIуэтащ псалъэ зрата псоми. Зэхуэсым кърихьэлIауэ пэшышхуэм щIэсхэми набдзэгубдзаплъэу уахэплъэу щытмэ, гурыIуэгъуэ хъурт я гумрэ я псэмрэ щыщIэр усакIуэ цIэрыIуэ Хьэнфэн Алим усыгъэ дахэкIэ къиIуэта игупсысэм зэрыхуэкIуэр:

... Анэм и жьабзэ,
Анэдэлъхубзэ,
Уэ узижагъуэр
Хэтми мыщIагъуэ,
УзыгъэикIэр
Акъыл тхьэмыщкIэщ!
Дэ ди гуфIэгъуи,
Ди нэщхъеягъуи
Тхузэбгъэзахуэу
Утетщ гъуэгу махуэ.
Анэдэлъхубзэ,
Адыгэ жьабзэ,
УздэщымыIэ
СыщремыIэ!

Адыгэ узэщIакIуэ цIэрыIуэ Нэгумэ Шорэ илъэс 200-м нэблагъэ ипэкIэ зыщIэхъуэпса щIэблэр, «анэдэлъхубзэм хуиIэ лъагъуныгъэр къыдэзыгуэшынур», иужь къызэрихъуэри нэрылъагъут. Аращ лъэпкъ усакIуэ щэджащэ Бемырзэ Мухьэдини ди адыгэбзэм зэрыхуэупсари:

Си лъэпкъым щIэблэ
къыщIэхъуам
Насып вагъуэбэу ужьэхэпсэу,
Я нэхъ тхьэмыщкIэ ар щыхъуам
УреIэ уэ, си адыгэбзэ!

**ЖЫЛАСЭ Маритэ**,
*«Адыгэ псалъэ» газетым егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI.*




● Гъащlэ теплъэгъуэ

# Нанэ и ятIэ чырбыш унэ

УнэщIэм яхуэмыкIуэу къэнат нанэ. Абы и пасэрей унэ цIыкIур ятIэ бдзантхьэ быдэм къыхащIыкIа чырбышкIэ зэтельти, зы щIыпIэ дежи къэча гуэри иIэтэкъым. Хьэкушхуэм и дапхъэм утесыну тхъэгъуэт щIымахуэм деж. Унэр щыщIыIэм – хуабэ дыдэт, дунейр щыпщтыр лъэхъэнэм – щIыIэтыIэт.

Нанэ и гъущI гъуэлъыпIэшхуэм дэри дыдэпщейрти дист, щыгъуэлъыжыным дыпэплъэу, зи насыпым къихьыр абы и гупэм гъуэлъыну арат, адрейхэр лъэпагъымкIэ дыкIуэнут. СыткIи дыарэзыт, нанэ деж дыщыIэмэ. Нанэ таурыхъхэмрэ псысэхэмрэ куэдыкIейуэ ищIэрти, и Iуэхухэр зэфIэкIыу къыщытхэтIысхьэным дежьэрт. Езы нанэ цIыкIу къаруакъ бостей быхъур щыгъэ, щхьэфIэпхыкI къуэлэным и натIэр щIихъумэу фIэпхыкIауэ, кIэпхын жыпышхуэ зытедари Iулъу, мыпIащIэу пщафIэрт. КеросинкэкIэ зэджэу щыта, фэтыджэнкIэ лажьэ хьэку цIыкIум адыгэ дэлэныр тригъэувэрт. Тебэ хъурей цIыкIумкIэ игъажьэ, кIэртIофрэ кхъуейщIэмыху цIынэрэ зэхуэдитIу зыдэлъ дэлэным хилъхьа джэдгыным и мэ гуакIуэр пэш цIыкIум щIэз хъурт. АпщIондэху мэлыфэм къыхэщIыкIа нэмэзлыкъым теувэрти, ахъшэм нэмэзри ищIырт. Хьэзыр хъуа хъыршыным шху фалъэ зырызыр и гъусэу къытхутригъэувэрт, дэтхэнэми ди щхьэм Iэ къыдилъэрти, таурыхъым къыпищэрт.

**БАГЪ Марьям.**

● Жыlэгъуэхэр

## КъуэкIыпIэмкIэ пшэкIэплъ къищIу хуежьамэ

♦**Зэм дунейр тхурикъуркъым, зэм зыри дыхуеижкъым.**
♦**Зэман зи куэдыр цIыху кIуэдащ.**
♦**Зэманыр зэрыбгъэкIуэну щIыкIэм ухуитщ, ауэ къыпхузэтегъэувыIэркъым.**
♦**Зи нобэр мыщIагъуэжым и дыгъуасэр къыдрегъэжей.**
♦**ЗызыдебгъэкIунури Iумпэм пщIынури пщIэжын хуейщ: апхуэдэщ зэманри.**
♦**КъэкIуэну зэманым зыхуэныкъуэр къегъэщIыж.**
♦**КъуэкIыпIэмкIэ пшэкIэплъ къищIу хуежьамэ, жэщ вагъуэхэр фагъуэ хъунущ.**
♦**ЛIы закъуэ лъагъуэм гъуэгум ухуимышэмэ, щIым и пцIанапIэм укъренэ.**
♦**Нобэр дыгъуасэмрэ пщэдеймрэ я зэхуэдитIщ.**
♦**ЦIыхур зыхуэкIуэнур и кIуэкIэм къыбжеIэ.**
♦**ЦIыхушхуэм и лъэужьым памыщэфмэ, ари хокIуэдэж.**
♦**Ажалым зэхэщIыкI гуэр иIэу щытамэ, нэфI-ней щIыхэлъын щыIэт.**
♦**УимыIагъэххэм нэхърэ пIэщIэкIри нэхъыфIщ.**
♦**ЦIыхур куэдым къыхуигъэщIащ, ауэ гушыIэр къыщIигъэщIар джэгуакIуэ Iущым и закъуэщ.**
♦**Дыхуеижынущ, жаIэурэ лейр зэхуалъэфэс, сыту тщIыжын, жаIэурэ зыхуэныкъуэжынур хыфIаутIыпщхьэ.**
♦**ЦIыхум фIэкIуэду къызэлым хуэдиз фIэбубыдмэ, ихьыни.**

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.



● Дэ къытхужаIахэр

# Адыгэ бзылъхугъэр дахэкIейщ

«Адыгэ бзылъхугъэр дахэкIейщ икIи щIыфэхущ. А хужьагъыр зэрыпсыхьа плъыфэ дахащэр зыхуэдэр къэпIуэтэн папщIэ, нэгум къыщIэувэ щIэрэщIагъыр нигъэсу, аIуудзымрэ (лилие) гуащэнапщIэмрэ (розэ) зэхыупщэн хуейщ. Абыхэм я натIэхэр джафэщ икIи лъагэщ; Iэ зэмыIуса я набдзэхэр апхуэдизкIэ псыгъуэщи, шылэ Iуданэ къурашэ уфIэщIынщ. Я нэ пIащэ Iэсэхэр щIасэкIэ гъэнщIащ; я пэхэр захуэщ, я Iупэхэр плъыжьщ, я жьэхэр цIыкIущ икIи дыхьэшхрейхэщ. Абыхэм я жьэпкъыпэхэр дахагъэ нэгъэсыпам и щапхъэщ, пщэмрэ жьэгъумрэ дахэрыгъуазэхэр арэзы ящIу хужь Iэхулъэхухэщ. Уэсым хуэдэу хужь абыхэм я дамэ Iувхэм зэм утIыпщауэ, зэми ухуэнауэ, ауэ сыт щыгъуи я нэкIур екIуу къэзыухъуреихь вындым хуэдэ щхьэц фIыцIэ кIыхьхэр къытощатэ.

Зыхуей хуэза япкъ гуакIуэхэм фэ хэIэтыкIа ятетщ, я Iэпкълъэпкъхэр тыншу икIи хуиту зэрахьэ», - жиIащ XVII лIэщIыгъуэм псэуа нидерланд зыплъыхьакIуэ Ян Янсен Стрейс.

## Гурылъ темыпыIэхэр

Сэ вагъуэхэм сащеплъкIэ, ахэр погуфIыкI: «Сыт, цIыху, укъыщIыдэплъыр?» - жаIэри. Ахэр нурыбэу гуфIэн ирикъуа нэужь, сэ щэхуу яжызоIэ: «Ари» фэ фэщхьщи аращ». Ахэр зэуэ нэщхъей мэхъужри зоупщIыжхэр: «ЩIыми дэ тхуэдэ щыIэ-тIэ?» - жаIэри.

Абы и жэуап вагъуэхэм щамыгъуэткIэ, сэ аргуэру абыхэм яжызоIэ: «Ар» апхуэдизкIэ дахэщи, фэ псори фофыгъуэкI «Абы».

* * *

Хэту пIэрэ пщыхьэщхьэ къэс уэрэд гуапащэр къизышыр? Си гур абы егъэпIейтей! Сэ сщIэркъым ар хэтми, сиплъакъым и нэгуи, ауэ пщыхьэщхьэ къэс къриш уэрэдым си псэр ехьэху. Сэ щхьэгъубжэр Iусхынурэ абы сеплъынут, ауэ сошынэ – гъэмахуэ пщыхьэщхьэр псэм йодэхащIэ, щIалэгъуэр егъэжыIэщIэ, зыгуэркIэ сегуауэрэ, макъамэр хьэуам хэкIуэдэжмэ, сытым игъэбэяужыну мы си гур?

Дэнэ укъикIа, сытым укъысхуихьа, си гум и хьэщIэ... СынысщIэжынут, укъэслъыхъуэнут, ауэ сщIэркъым, гупсысэ гуэрым сегъэнэщхъей: пщыхьэщхьэ къэс уэ уэрэд къипш къудейуэ аращ. Ухэт уэ, уэрэдкIэ сэ къызэджэ хьэщIэ? Сэ укъысхуэпIащIэрэ, хьэмэрэублэкI къудейуэ ара?

**ТХЬЭЗЭПЛЪ Хьэсэн.**



**Гъатхэ.**
*Сурэтыр* **Уэлджыр Артур** *трихащ.*

● Шхыныгъуэ

## Iыхьэурэ дзасэкIэ гъэжьа джэдыл

Абы щхьэкIэ нэхъ къагъэсэбэпыр джэдыщIэщ. Джэд гъэкъэбзар псы щIыIэкIэ ятхьэщI, гъущэу ялъэщIри, Iыхьэурэ зэпкърах. Тепщэч мыулъийм иралъхьэ, шыгъу, цIыкIу-цIыкIуурэ упщIэта бжьыныху, шыбжий сыр хьэжа, бурш халъхьэ, псы щIыIэ тIэкIу щIакIэри, фIыуэ зэIащIэ. И щхьэр трапIэри, зэхэшыпсыхьын щхьэкIэ, дакъикъэ 30 - 40-кIэ щIыIапIэм ягъэув.

Щагъэжьэнум деж джэдыл Iыхьэхэм бжьыныху тыкъырхэр кIэрахри, я кIыхьыпIэмкIэ дзасэм паIу. Тхъуэплъ хъуху дэпкIэ ягъажьэ, лъэныкъуэ псомкIи шатэ щахуэурэ. Джэдыл жьар дзасэм къыфIахыжри, тепщэчым илъ пIастэ хуабэм и щIыIум тралъхьэ. Хуабжьу шхыныгъуэ IэфIщ, мэ гуакIуэ къыхихыу.

***Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):*** джэдылу - г 400, бжьыныху укъэбзауэ - г 20, шатэу - г 30, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуеймхуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис.**



# Псалъэзэблэдз



***ЕкIуэкIыу:*** **1**. ... бэнэнкIэ зигъэнщIыркъым. **3**. ... къижыхьмэ, лIыжьым и лъэдий мэуз. **7**. ... и гъуапэр пхъум и джанэщ. **9**. Пхуэмыфащэ щаузгъу ... **10**. ... жьы хъумэ, хьэIуцыдзыр мэятэ. **13**. ... пщIэфынур пщэдей умыхь. **15**. Ди унэжь пхъэжь ... **17**. ... зимыIэ щыIэкъым. **18**. ... - Iуданэ, убзэмэ – бзыхьэхуэ.

***Къехыу:*** **1**. Зыпс ... зэшыпхъущ. **2**. ... цIыкIу бжьакъуэшхуэ. **4**. Джэдур ... лъэмыIэсмэ, мэ щоу жеIэ. **5**. МафIэ ... Iугъуэбэщ, бын ... цIэцIалэщ, гъаблэ бысым гуащэщ. **6**. Узыщымысхьри уимыIэххэри ... **8**. ... гуапэщи, ... гуауэщ. **9**. ЛIы хахуэр ... щощабэ, лIы щабэр ... щокIий. **11**. Губгъуэм ущымыкъэрабгъэ, ... ущымылIыхъужь. **12**. Iэмбатэ зэрымытым ... ирегъэувэ. **14**. ... зэнэцI нэхърэ - ... зэхъуэхъу. **16**. Жеймрэ гугъэмрэ ... щIэиныфIщ.

*Зэхэзылъхьар*
**БИЦУ Жаннэщ.**

**Мэлыжьыхьым и 21-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

***ЕкIуэкIыу:*** **3**. Пэшхщ. **4**. Къуентхъ. **7**. Андэгурэ. **8**. Гъуху. **9**. Хъуп. **10**. Пхъэщабэ. **13**. Лъабжьэ. **14**. ЕнтIыр.

***Къехыу:*** **1**. Ахын. **2**. Деур. **3**. ПцIэгъуэплъ. **5**. Хъарпшэр. **6**. Iэпщэ. **11**. Хъыжьэ. **12**. Банэ.

● Нобэ Къафэм и дунейпсо махуэщ



# Гукъыдэжрэ гушхуэныгъэрэ къыпхелъхьэ

**Мы махуэр ЮНЕСКО-м къафэмкIэ и дунейпсо советым 1982 гъэм игъэувауэ щытащ. Мэлыжьыхьым и 29-р къызэдащтэну къыхэзылъхьар егъэджакIуэ, къэфакIуэ Iэзэ Гусев Пётрщ. А махуэм къалъхуащ франджы балетмейстер, хореограф, балетым и теоретик Новерр Жан-Жорж. Ар Лондон дэт «Друри-Лейн» театрым и балет труппэм и унафэщIу щытащ. Новеррщ къафэ спектаклхэр япэу зыгъэувын щIэзыдзар. Балет-пьесэм и хабзэхэр къыщетхэкIа «Письма о танце и балетах» (1759 гъэ) тхылъыр ардщ зи Iэдакъэ къыщIэкIар.**

КЪАФЭМ и бзэр апхуэдизкIэ телъыджэщи, ар тэрмэш хэмыту дунейм цIыхуу тетым къагурыIуэ.

Ди къэралым а махуэр илъэс куэд щIауэ щагъэлъапIэ. 1994 гъэм «Балет» журналым игъэува «Къафэм и псэ» саугъэтыр щатыр абы трагъахуэ.

Къафэр лIэужьыгъуэ куэду зэтопщIыкIыж. Лъэпкъ куэдым я хабзэхэр, щыIэкIэпсэукIэр я къафэхэм лъабжьэ яхуэхъуащ. А гупсысэм щыхьэт тохъуэ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и художественнэ унафэщI Атэбий Игорь «Адыгский сценический танец» фIэщыгъэм щIэту къыдигъэкIа тхылъыр.

«Адыгэ къафэ щэнхабзэр къызэрымыкIуэу къулейщ, купщIэшхуи иIэщ. Ди лъэпкъ тхыдэм напэкIуэцI нэщхъейхэр щымащIэкъым, ахэр псори къафэм къытощ. Пэжщ, ди деж къэмысу куэд кIуэдащ, зыгуэрхэми зэхъуэкIыныгъэ ягъуэтащ. Нобэ дэ ди къалэнщ къытхуагъэна щэнхабзэ щIэиныр тхъумэну, ар едгъэфIэкIуэну. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ар лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэм ящыщщ», - щетх Атэбийм а тхылъым.

Лъэпкъ къэфакIуэ гупхэр куэду дызэриIэм гур хегъахъуэ. Псом хуэмыдэу гуапэщ адыгэ щIалэгъуалэм къафэр фIыуэ ялъагъу зэрыхъужар. Адыгэр щIыпIэ куэдым къыщезыгъэцIыхуа «Кабардинка»-р Кавказ Ищхъэрэм и къэфакIуэ ансамбль нэхъыжьхэм ящыщщ. Ар зытемыува щIы кIапэрэ, зылъэгъуауэ зи гум IэфIу къимынэжарэ щыIэкъым. Бжыгъэншэщ ансамблым къикIуа гъуэгуанэм цIэ лъапIэу къыщыфIащар, псалъэ дахэу щыхужаIар, Iэгуауэу щыхуаIэтар. Нэхъыбэжщ езыми цIыхухэм ярита гукъыдэжымрэ гушхуэныгъэмрэ. Ди щэнхабзэ бейм и напщIэ ансамблым утыку къришащ къэфакIуэ пщIы бжыгъэхэр. Абыхэм ящыщ куэдым къыхуагъэфэщащ РСФСР-м, КъБАССР-м я цIыхубэ, щIыхь зиIэ я артист цIэ лъапIэхэр, кърагащ СССР-м и медалхэр, орденхэр, щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр. Ансамблым нобэ иIэ ехъулIэныгъэхэр куэдкIэ я фIыгъэщ зэман зэмылIэужьыгъуэхэм абы и художественнэ унафэщIу щыта Ульбашев Мутай, балетмейстер нэхъыщхьэу лэжьа Думэныщ Iэулэдин сымэ. КъыхыумыгъэщынкIэ Iэмал иIэкъым ансамблыр зэфIэувэн, абы зиужьын папщIэ а лъэхъэнэм республикэм щэнхабзэмкIэ и министру лэжьа Ефэнды Джылахъстэн хилъхьа и гуащIэр.

ИджыкIэ «Кабардинка»-м и кIыщым цIыху щэ ныкъуэ щолъащэ. Ансамблым и нэхъыжьыфIхэм къалэжьа пщIэмрэ щIыхьымрэ яхъумэу, абы зэрыхагъэхъуэным хущIэкъу зэпытщ. Нобэми ар ирагъэблагъэ щIыпIэ куэдым икIи, нэхъапэми хуэдэу, лъэпкъ щэнхабзэм и фIыпIэу къалъытэ. А псори куэдкIэ я фIыгъэщ ансамблым и художественнэ унафэщI Атэбий Игоррэ гупым я балетмейстер нэхъыщхьэ Битокъу Аслъэнбэчрэ.

Лъэпкъым и махуэфIи и махуаи дигуэшу бгъурыта ансамблым, къафэр зи псэм хэлъ псоми я махуэмкIэ дохъуэхъу.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

# Уэрэдыр зи фэеплъ

● Пшыхьхэр

**Мэлыжьыхьым и 24-м Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэм щекIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я цIыхубэ артист, зи макъ гуакIуэр цIыхухэм гукъинэж ящыхъуауэ нобэр къыздэсым ящымыгъупщэ Мэремыкъуэ Хъусен и фэеплъ пшыхь. Ар хуэгъэпсащ артистыр къызэралъхурэ мы гъэм илъэс 75-рэ зэрырикъуам. «Лъэпкъ уэрэдыр уи фэеплъщ» зыфIаща концертыр ирагъэкIуэкIащ режиссёр Гумэ Маринэрэ Нэхущ Тимуррэ.**







ПРОФСОЮЗХЭМ щэнхабзэмкIэ я унэм и пэIущIэ пэшым деж щыболъагъу Мэремыкъуэм и сурэт зэмылIэужьыгъуэхэр. Экраным ит пасэрей телевизорым и теплъэм къощ Хъусен и концертхэм щыщ пычыгъуэхэр. Абыхэм дызыIэпашами, зэманыр къэсащи, залым дыщIохьэри ди тIысыпIэхэр зыдогъэгъуэт. ЩIедзэ налшыкдэсхэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ, Хъусен и унагъуэмрэ и Iыхьлыхэмрэ зыпэплъа концертышхуэр. Утыкум и IуплъапIэм щагъэува экран иным къегъэлъагъуэ къэIуну уэрэдым и зы пычыгъуэ цIыкIу, адэкIэ ар зыгъэзэщIэну артистыр къохьэ. Уэрэдыр жыIэн яуха иужь дэтхэнэми кIэщI дыдэу псалъэ хужаIэ Мэремыкъуэ Хъусен, абы и цIэм зэуэ ягу къигъэкIа зы псалъэухащ ар, ауэ купщIэшхуэ иIэу, артистым и теплъэмрэ и дуней тетыкIамрэ уи нэгу къыщIигъэувэу.

- Зы хэкулI и пщIэкIэ нобэ дызэхуэсащи, ар къызэралъхурэ илъэс бжыгъэ дахэ зэрырикъур щхьэусыгъуэ хурехъу абы и Iэужьхэм дриплъэжыным, и лъэужьхэм дыхэплъэжыным, - жиIащ зэIущIэр къыщызэIуихым Гумэ Маринэ. – Мэремыкъуэ Хъусен уэрэд щыжиIэкIэ цIыхухэм загъэпсэхурт, гупсэхуу едаIуэрт, гум къинэж макъымкIэ замыгъэнщIауэ тэджыжырт. Лъэпкъ уэрэдыжь ирехъу е эстрадэ уэрэдуи щрети, ахэр Мэремыкъуэм зэригъэзащIэр адрейхэм къащхьэщыкIырт, нэгъэсат.

Зи фэеплъыр ягъэлъапIэ артистыр зэрацIыхуу щытам гуапэу тепсэлъыхьащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин, Хъусен и ныбжьэгъуфIхэу, КъБР-м и цIыхубэ артистхэу композитор цIэрыIуэ ХьэIупэ ДжэбрэIилрэ Думэн Мурадинрэ, ди республикэми гъунэгъу щIыналъиплIми я цIыхубэ артист Нэхущ Чэрим сымэ. И макъ гуакIуэм щегъэжьауэ и унагъуэ узыншэм деж щыщIэкIыжу абыхэм жаIэн я куэдт.

Дэтхэнэ артистми игъэзэщIа уэрэдыр езым и макъым, и утыку итыкIэм екIуу къыхухахати, узыIэпишэу жаIэрт. Апхуэдэхэщ Бэчхэ Азэмэтрэ Ренатэрэ («Си анэбзэ, си адыгэбзэ», «Адыгэ джэгу» уэрэдхэр жаIащ), Быф Ратмир («Адыгэ пщащэр къофэ, къофэ»), ТхьэкIумашэ Аслъэн («Гуащэгъагъ дахэ»), ХьэхъупащIэ Амырхъан («Дахэнагъуэ»), Къардэн Аслъэн («Сытым щыгъуэ сыкъэпщIэну?»), ШыкIэбахъуэ Ислъам («Сэрэтинэ»), Щокъуий Мурат («Си гъатхэ»), ГъукIэ Ислъам («КъысхуэмыщIэу къэщIэгъуей»), Бэрбэч Аскэр («Сыт хуэстхын уи анэм»), Дзыбэ Магамет («УщытеткIэ, дахэ, мы дунейм»), Хьэжырокъуэ СулътIан («Бгырыс нысашэ уэрэд»), Быштэ Азэмэт («Адыгэ пщащэ»), Нэхущ Чэрим («Лъагъуныгъэм жаIэр къигъэзэжу», «Си нанэ»), Мэремыкъуэ Резуан («Адыгэ нэмыс»). «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и къэфакIуэхэм дахащэу ягъэзэщIащ «Уэркъ къафэр». Псоми ягъэщIэгъуащ Мэремыкъуэ Хъусен и пхъурылъху ГъукIэ Анатолэ и макъ лъэщыр. «ПщIэрэ, си псэ?» уэрэдыр абы къыщыхидзам, пэшым щIэсхэр къэуIэбжьащ: ныбжьыщIэ цIыкIум апхуэдэ макъ къыздрихар дэнэ? Зи щIэблэр хэтми пшыхьыр езыгъэкIуэкIхэм жаIа иужь, псори гурыIуэгъуэ хъуащ. И адэшхуэм и лъэужь дахэу ирикIуэн ухъу!

Концертым и кIэухыу псоми зэдыжаIащ «Уэрэду сиIэр уэрщ» уэрэд цIэрыIуэр, апхуэдэуи Хъусен ныкъуэтхыу къигъэна уэрэдым Мэремыкъуэ Резуан и студием щыхэлэжьыхьыжри, япэу пшыхьым утыку къыщрахьащ.

Къыхэзмыгъэщын слъэкIынукъым сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу, егупсысауэ, зэпэшэчауэ пщыхьэщхьэр къызэрызэрагъэпэщар. И екIуэкIыкIэкIи, сценэм тридзэ нэхухэм и къыхэхыкIэкIи, и видео техыкIэкIи къызыхуэтыншэт.

Езыгъэблагъэм тет QR-кодым (концертым и деж экранми къридзащ ар) жып телефоныр тебубыдэмэ, Мэремыкъуэм и гъащIэм, и гуащIэм, и уэрэдхэм, концертым и программэри щIыгъужу, кърeдзэ. Ар нобэрей цIыхум и дежкIэ хуабжьу тыншщ.

Утыкум ирагъэблэгъащ Мэремыкъуэ Хъусен ипхъу Заретэрэ абы и унагъуэмрэ. Бзылъхугъэм концертыр къызэзыгъэпэщахэми, абы хэлIыфIыхьахэми, хэта артистхэми, пшыхьым зыкърезыгъэхьэлIа псоми фIыщIэ яхуищIащ. И анэм и псалъэхэр диIыгъащ Заретэ и щIалэ пажэм - ГъукIэ Асхьэд. Пшыхьым къыщыхалъхьащ (апхуэдэ гукъэкIыр жызыIар Думэн Мурадинщ) Мэремыкъуэ Хъусен и цIэр зэрихьэу фестиваль ящIыну, ар гъэ къэс ирагъэкIуэкIынуи, ди гуапэщ къайхъулIэну.

**ИСТЭПАН Залинэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

**Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур накъыгъэм и 3-рщ.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.679 Заказыр №897

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А